ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№199-200 (23.358) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр ВГТРК-м и генеральнэ директорым и къуэдзэ Сабитов Рифат хуэзащ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыІэхуэзащ КІуэкІуэ Юрийрэ Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и генеральнэ директорым и къуэдзэ Сабитов Рифатрэ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ бжыгъэхэр зи лъабжьэ телевиденэмрэ радиовещанэмрэ республикэм и щІыналъэм адэкІи зыщегъэужьыным, телевиденэм и ІэнатІэм иджырей технологиехэр къыщыгъэссэбэпыным, зыхуэфащэ ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыным, цІыхубэр информацэкІэ къызэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэным.

КъБР-м и Іэтащхьэм урысей медиа-холдингым и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ щІыналъэм и телерадиовещанэм гулъэітэ къызэрыхуащІым икІи зэпымыууэ къызэрыдэлэпкъым папщІэ икІи лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэм зегъэубгъуным егупхьэу къызэрильытэр жиІащ.

Фырэ Руслан нэгъуэщІ лэжьакІэ зэрыкІуэм къыхкІыу къэрал телерадиокомпаниим щыІэхэм я пащхьэ къарашащ щІэуэ ягъуэва унафэщІыр. А къулыкъур иратащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу лэжьа Битокъу Владимир.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Юрий Москва щыхуэзащ Федеральнэ казначействэм и унафэщІ Артюхин Роман

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ дыгъуасэ Москва щыхуэзащ Федеральнэ казначействэм и унафэщІ Артюхин Роман.

ЗЭІУЩІЭМ щыжаІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэр Федеральнэ казначействэмрэ абы и щІыналъэ Іуэхущ Іапі эмрэ быдзу япыщІауэ зэрылажьэм и фІыгъэкІэ бюджет политикэр нэгъэсауэ зэрыпхагъэкІыфыр, финансхэр зэпэлъытауэ къызэрагъэсэбэпыр. Экономикэр гугъуехь пыухыкІахэм хэт пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъэсауэ егъэзащІэ цІыхухэм я пащхьэ къыщыщта социальнэ къалэн псори.

Псалъэмакъым къыхэщащ Федеральнэ казначействэм и управленэу республикэм щыІэм иджырей технологиехэр тэмэму къызэригъэсэбэпыр икІи абы и фІыгъэкІэ и лэжьыгъэ зэпымыууэ зэрыригъэфІакІуэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэм ягу къагъэкІыж ди тхыдэм къыщыхъуа Іуэху нэхъ гуауэ дыдэхэм ящыщ зыр - Іэщэкіэ зэщІэуэзда террористхэр Налшык къалэм къызэрытеуар икІи абы хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэу 35-рэ, къызэрыгъэкІ цІыхуу 12 зэрыхэкІуэдар.

А хьэкІэкъуэкІагъэм зи гъащІэр ихьахэр дигу къыщыдгъэкІыжкІэ дэ пщІэшхуэ худощІ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм къагъэлъэгуа лІыхъужьыгъэмрэ хэхуагъэмрэ, абыхэм республикэм и къэкІуэнур яхъумэурэ я гъащІэр зэратам. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди нобэми хэщыныгъэхэр догъуэт. Властым и органхэм зыхуэфащэ псори ялэжь, адэкІи ялэжьынущ цІыхухэм шынагъуэ къатемыхьэным, хабзэхъумэ ІэнатІэм пэрыту хэкІуэдахэм, ауэ къулыкъуэкІэ къапэщыт къалэнхэр нэгъэсауэ зыгъэззэщІахэм я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІэгъэкъуэным икІи ядэІэпыкъуным хуэгъэзауэ.

Иджырей зэманым, геополитикэ Іуэхухэр зэрызэІыхьэм, дунейпсо терроризмэм и къарухэр зэрызэкъуэувам пыщІа гугъуехьхэр къыщытпэув лъэхъэнэм, дэ ди къалэнщ радикализмэмрэ экстремизмэмрэ ди щІыналъэм зыщамыубгъуным кІэ зыхуфащэ Іуэху псори длэжьыну. Властым и органхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм я зэфІэкІыр зэщІэдгъэуІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм мамырыгъэмрэ ефІэкІуэныгъэмрэ щыз эгъэгъэувэнымкІэ Іэмал псори къызэрызэдгъэпэщыфынум шэч къытесхьэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м *Налшык къалэ*
№538-рп

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэ щыхъуу зэрыхуежьам къыхэкІыу:

1. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджащ етын 2016 - 2017 гъэхэм унэхэр щагъэплъ я лъэхъэнэр кьекІуэкІ хабзэм тету 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м щІадзэну.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Дадэ М. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и Унафэ №467

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2016 гъэм накъыгъэм и 6-м кІыдигъэкІа унафэ №354-м ипкъ иткІэ, Налшык къалэ округым щІыІэ щыхъуу зэрыхуежьам къыхэкІыу:

1. 2016-2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм унэхэр гъэплъыным 2016 гъэм жэпуэгъуэм и13-м щІэдзэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныр си пщэм дызолъхьэж.

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ БЭДЖЫДЭ Мухьэмэд

Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я щІыналъэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Прохладнэ районым щыщ Солдатскэ станицэм щыІэ «Прохладнэ» агропромышленнэ комплекс «Меркурий» акционер зэгухьэныгъэм иІыгъ къуэхэм къхуэм и африкэ емынэ узым и вирус яхэту къыхэзрагъуэтам къыхэкІыу, «Ветеринариеи и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Федеральнэ закон №4979-1-м и 17-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м №38/УВ-01-1061-м щІэту кьигъэхьа тхыгъэм япкъ иткІэ, къхуэм и африкэ емынэ узыр гъэкІуэдым мурадкІэ:

1. Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я щІыналъэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным.

2. Мы къыкІэлъыкІуэ гъунапкъэхэр гъэувын:

узыфэр здэщыІэ эпизоотикэ щІыпІэм хиубыдэм и гъунапкъэхэр - «Прохладнэ» агропромышленнэ комплекс «Меркурий» акционер зэгухьэныгъэм кхъуэ щигъэхъу и комплексым и щІыналъэр;

шынагъуэ къызытехьэ япэ щІыналъэм и гъунапкъэр - узыфэр здэщыІэ эпизоотикэ щІыпІэм и хъурейгъкІэ километри 5-кІэ къыдекІуэкІыу;

шынагъуэ къызытехьэ етІуанэ щІыналъэм и гъунапкъэр - зэрыщыту Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я щІыналъэхэм къызэщІиубыдэу.

3. Карантиным и зэманым хуит ящІыркъым:

узыфэр здэщыІэ щІыпІэм: псэущхь лІэужьыгъуэ псори, абыхэм джэдкъазри яхэту, сату щащІыну, мэкъумэш жармыкІахэр, гъэлъэгуэныгъэхэр, цІыхухэмрэ псэущхьэхэмрэ щызэхуагъэс нэгъуэщІ Іуэхухэр къыщызэрагъэпэщыну, хозяйствэхэм, жылагъуэхэм (унагъуэхэм) къхуэхэр ирашэну, къхуэ зыгъэхъу хозяйствэхэм, апхуэдэу къхуэр зыукІ, абы елэжь икІи къхуэлым къыхэщІыкІа продукцэр зыхъумэ хозяйствэхэм къхуэлымрэ абы къыхэщІыкІа ерыскъыпхъэхэмрэ ирашыну, комиссэ щхьэхуэм хуит зыкърамыгъэщІауэ унагъуэ псэущхьэхэр ирашыну, лыхэкІхэр зыдэлъ посылкэхэр связькІэ отделенэхэм иратыну;

шынагъуэ къызытехьэ етІуанэ щІыналъэм хиубыдэу: бззэрхэм къхуэхэмрэ къхуэлым къыкІуэкІуэ Ю. А. 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м къыдигъэкІа унафэ №85-РГ-мкІэ Прохладнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я щІыналъэхэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м щІегъэжьауэ мардэ пыухыкІахэр (карантин) щигъэуващ.

Зыхуэфащэ хъыбарыр ди гъунэгъу щІыналъэхэм ветеринариемкІэ я Іуэхущ Іапі эмрэ зыхуэфащэ ведомствэхэмрэ хуагъэхьащ».

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● КъБР-м и Парламентым

Анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэм тегъэщІауэ

КъБР-м и Парламентым деж щыІэ Жылагъуэ советым и зи чэзу зэІущІэ дыгъуасэ екІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным теухуауэ щІыналъэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**. Іуэхур зытетыр зэпкърахыу къэпсэлъащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и лІыкІуэ **Асанов Алим**, КБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен**, Узыншагъэр хъумэным кІэлъыплъынымкІэ къэрал Іуэхущ Іапі эм КъБР-м щиІэ щыналъэ къудамэм и унафэщІ **Ахъмэт Алий** сымэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъхуэпІэ унэщІэ зэрахуэм, щыІэкІэ егъэфІэкІуэным теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, ахэр Іэмэпсымэфіхэмкіэ къызэгъэпэща зэрыхъум, анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным тегъэщІауэ зэфІэгъэкІыпхъэу къалъытэм. Абыхэм ящыщщ щыІэкІэ зэндэгъуэхэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ, сабий поликлиникэхэр зехьэн зэрыхуейр, сабий зыгъэутыну бзылъхугъэхэм ди лъхуапІэ унэхэр ямыдэу нэгъуэщІ щыпІэхэм щІэкІуэр зэхэгъэкІыныр, дохутырхэмрэ медсестрэуевэ я щІэныгъэм хагъэхъуэн зэрыхуейр, нэгъуэщІхэри.

ДЫГУЛЫБГЪУ Аэрэт.

● Щіэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм и цІыхухэр ягъэгуфІэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым дыгъуасэ къыщызэІуихащ щІэуэ зэрагъэпэщыжа медицинэ Іуэхущ Іапі эу тІу. Премьер-министрым щІыгъуэщ иджыблагъэ узыншагъэр хъумэнымкІэ министру ягъуэва Расторгуевэ Светланэ, ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр Тутыкъу Анзор, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Джатэ Руслан сымэ.

ХЬЭБЭЗ, Зольскэ хуажэхэм я фельдшер-акушер пунктхэр Іэпхъуэжащ зыхуей псомкІи къызэгъэпэщауэ а жылагъуэхэм дащІыхьа унэщІэхэм. УнитІри мы зэманым щыІэ стандартхэм хъозэгъ.

Фигу къэдгъэкІыжнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм щыІэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэр къэгъэщІэрэщІыжыным теухуа унафэр 2014 гъэм и фокІадэ маздэм къащтауэ зэрыщытар. Абы лъэндэрэ фельдшер-акушер пункту 49-рэ, къуажэ амбулаторэу 10 щІэуэ къызэІуахащ. Урысей Федерацэм и зы щІыналъэми иужьрей илъэсхэм хузэфІэкІакъым зэман кІэщІым къриубыдэу медицинэм и пэщІэдзэ ІэнатІэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ апхуэдиз лэжьыгъэ зэрыригъэкІыфакъым. Республикэм а и ехьулІэныгъэр федеральнэ ІэнатІэм зыбжанэрэ щыжаІащ.

КъуажитІми дащІыхьа Іуэхущ Іапі эхэр Правительствэм и Унафэщым къиплъыхьащ икІи Іэщ Іагъэлі эхэм къыхалъхьа Іуэхуэхэм щыгъуазэ зищІащ. Къуажэдэсхэм щахуэзам ар медицинэ Іуэхущ Іапі эщ Іэхэм лэжьэн зэрыщ Іадзамкіэ екъуэхуэщащ.

Растогуевэ Светланэ къыззхуэсахэм гу лъаригъэтащ цІыхухэм мысымэджэным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи а Іуэхум дяпэкІэ нэхъ зэрегугъунур къыхигъэщащ.

Джатэ Руслан районым щыпсэухэм я щІэкІэ республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ сыт хуэдэ Іуэхури дэгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ къаззрыдэІэпыкъум папщІэ икІи республикэм къуажэхэм медицинэм и Іуэхущ Іапі эхэр къызэрыщызэІуахыр цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ Іуэхушхуэу зэрыщытыр къыхигъэщащ.

ИУАН Руслан.

ХьэтІохъущокъуэхэ я жыг хадэм бжьыхьэ дыщафэм зыдещІ.

«ЩЭНХАБЗЭМРЭ зыгъэпсэхуПІэ щІыпІэхэмкІэ парк» Іуэхущ Іапі эм къабзагъэмрэ зэІуэзэпэщыныгъэмрэ кІэлъыплъ и лэжьакІуэхэм зэщІакъуэ къыпыщэщу хуежьа тхьэмпэхэмрэ хэгъуэкІа жыг къудамэхэмрэ. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ къегъуэкІуу хуежьат гуэл №3-м и Іуфэм пэмыжыжьэу ита псейхэм ящыщ куэд. Апхуэдэхэр иужьрей илъэситІым ирагъэкъэбзыкІри, жыгыщІэхэр хасэжащ икІи абыхэм заужьу хуежьащ.

Езы гуэл Іуфэхэри зы-хуей хуагъазэ, щІымахуэм къабзэу зэрыІущІэным хуэдэу.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэ щокІуэкІ кІапсэрыкІуэ гъуэгум, сабий аттракционым и Іэгъуэблагъэхэм. Лэжьакіуэ гупхэр техникэкІи зэрыІэбэну Іэмэпсымэхэмкіи къызэгъэпэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Налшык

Бжьыхьэ лэжьыгъэхэр

щІымахуэм къабзэу зэрыІущІэным хуэдэу.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэ щокІуэкІ кІапсэрыкІуэ гъуэгум, сабий аттракционым и Іэгъуэблагъэхэм. Лэжьакіуэ гупхэр техникэкІи зэрыІэбэну Іэмэпсымэхэмкіи къызэгъэпэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зыхуэфащэ Іуэхухэр щалэжь кхъуэм и африкэ емынэ узыр гъэкІуэдыным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм къызэритамкІэ, «Прохладнэ» агропромышленнэ комплекс «Меркурий» акционер зэгухьэныгъэм игъэхъу къхуэхэм къыхаша лъыр къыщапщытэм къхуэм и африкэ емынэ узым и вирус хэту къагъуэтащ. Шынагъуэ зыпыльа а уз зэрыцІалэр гъэкІуэдыным теухуауэ зэфІагъэкІхэм топсэлъыхь КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров С. А.:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Мусуков А. ТІ. иригъэкІуэкІащ псэущхьэхэмрэ джэдкъазымрэ къеуалІэ уз зэрыцІалэ нэхъ шынагъуэхэм земыгъэубгъунымкІэ республикэ комиссэм и зэІущІэ. ГъэззщІакІуэ властым и органхэм ящыщу зыхуэфащэхэм я пщэ иралъхьащ къхуэм и африкэ емынэ узыр гъэкІуэдыным ар къыщыхъеи щІыпІэхэм имыгъэкІынымкІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий иригъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**. Іуэхур зытетыр зэпкърахыу къэпсэлъащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и лІыкІуэ **Асанов Алим**, КБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен**, Узыншагъэр хъумэным кІэлъыплъынымкІэ къэрал Іуэхущ Іапі эм КъБР-м щиІэ щыналъэ къудамэм и унафэщІ **Ахъмэт Алий** сымэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъхуэпІэ унэщІэ зэрахуэм, щыІэкІэ егъэфІэкІуэным теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, ахэр Іэмэпсымэфіхэмкіэ къызэгъэпэща зэрыхъум, анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным тегъэщІауэ зэфІэгъэкІыпхъэу къалъытэм. Абыхэм ящыщщ щыІэкІэ зэндэгъуэхэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ, сабий поликлиникэхэр зехьэн зэрыхуейр, сабий зыгъэутыну бзылъхугъэхэм ди лъхуапІэ унэхэр ямыдэу нэгъуэщІ щыпІэхэм щІэкІуэр зэхэгъэкІыныр, дохутырхэмрэ медсестрэуевэ я щІэныгъэм хагъэхъуэн зэрыхуейр, нэгъуэщІхэри.

ДЫГУЛЫБГЪУ Аэрэт.

«Терроризмэм пэщIэтыным и Iуэхуки» 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №35-ФЗ-р гъэзэщIэнымкIэ лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м ***Налшык къалэ*** ***№178-ПП***

«Терроризмэм пэщIэтыным и Iуэхуки» 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №35-ФЗ-м и 5.1-нэ статьям и пункт 2-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Властым и гъэзэщIакIуэ органхэм ящыщу терроризмэм пэщIэтыным, абы и Iэужьхэр гъэмэщIэным икIи щIэпхъаджагъэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьным хуэгъэза Iуэхухэм зэхэлъхьэнымрэ гъэзэщIэнымкIэ жэуап зыхьхэм я спискэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м къыдигъэкIа
Унафэ №178-ПП-мкIэ къыщытащ

Властым и гъэзэщIакIуэ органхэм ящыщу терроризмэм пэщIэтыным, абы и Iэужьхэр гъэмэщIэным икIи щIэпхъаджагъэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьным хуэгъэза Iуэхухэр зэхэлъхьэнымрэ гъэзэщIэнымкIэ жэуап зыхьхэр

№№	«Терроризмэм пэщIэтыным и Iуэхуки» Федеральнэ законым и 5.1-нэ статьям и пункт 2-м щыубзыхуа полномочиер	Гъэзэщ1акIуэ властым и органхэм ящыщу жэуап зыхьхэр
1.	Терроризмэм пэщIэтынымкIэ, абы и Iэужьхэр гъэмэщIэнымкIэ, щIэпхъаджагъэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьнымкIэ лэжьыпхъэхэр зэхэлъхьэнымрэ ахэр пхыгъэкIынымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм абы хуэгъэза и къэрал программэхэр гъэзэщIэным хэтыныр	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитет Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ
2.	Терроризмэм пыщIа Iуэхухэр къэхъуныкIэ, терроризмэм и социальнэ лъабжьэр зэтеуэвэныкIэ дэIэпыкъуэгъу хьу зэгурымыIуэныгъэхэр къэмыгъэкъуныкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIынымрэ	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитет Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ *(эгзурыIуаущ)*
3.	Терроризмэм и идеологиер зэтеГъэувэнымрэ ар пхыгъэкIынымкIэ сэбэп хъу Iуэхухэр сэтей къэщIынымрэ елэжьынымрэ	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитет
4.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм террористхэм щалэжьа щIэпхъаджагъэхэм я зэран зэкIа цIыхухэмрэ терроризмэм и бий бэнэныгъэм хэтхэмрэ гъащIэм хэгъэзэгъэкынымрэ. Терроризмэм и щIэпхъаджагъэхэм я зэранытIэ зэкIа цIыхухэмрэ Iэнатlэхэмрэ а зэранытIэм пэкIуэр яхуэпшынысыжыныр	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ГъэжьныгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэхэм я къызэгъэпэщ1ынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынш1агъэр хъумэныкIэ и министерствэ Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ *(эгзурыIуаущ)*
5.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр терроризмэм и шынагъуэ къэмыгъэхъуныкIэ, абы кIиж зэранытIэр гъэмэщIэныкIэ икIи щIэпхъаджагъэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныкIэ Iэмалхэм хуэгъэсэныр	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитет Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ *(эгзурыIуаущ)*
6.	Терроризмэм пэщIэтыныжьмкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэжькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыГъакIуэ органхэмрэ я зэдэлажьэныгъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза еджэныгъэхэр кьызэгъэпэщ1ынымрэ хэтыныр	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитет Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛъжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэхэ кьызэгъэпэщ1ынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынш1агъэр хъумэныкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уху ныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитет Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ *(эгзурыIуаущ)*
7.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм ящыщу хиубыдэ е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм къагъэсэбэп мыпкър терроризмэм щыхъумэныжьмкIэ лэжьыпхъэхэр юридическэ Iэнатlэхэмрэ щIыкIэ щхьэхуэхэмрэ яГъэзэщIэныр кьызэгъэпэщ1ынымрэ	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитет Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛъжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэхэ кьызэгъэпэщ1ынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынш1агъэр хъумэныкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уху ныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитет Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатымкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэпъыплъынымкIэ и къэрал комитет
8.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм терроризмэм кьиж зэранытIэр гъэмэщIэнымрэ абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ кьиГъэсэбэпын папщIэ бгъэдэлъ къаруэмрэ Iэмалхэмрэ сытым дежи тэмэму кьызэрагъэсэбэпыным хуэхъэныр щыгъэтынымрэ	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынш1агъэр хъумэныкIэ и министерствэ Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ *(эгзурыIуаущ)*
9.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм террористхэм щалэжьа щIэпхъаджагъэхэм я зэран зэкIа цIыхухэмрэ я щIэпхъаджагъэр кьызэпIудыным хэтахэмрэ медицинэ, кьинэмыщI дэIэпыкъуныгъэ етыныр	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛъжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэхэ кьызэгъэпэщ1ынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынш1агъэр хъумэныкIэ и министерствэ
10.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм терроризмэм и щIэпхъаджагъэ кьызэрыщыхъуам кьыхэкIыу зэтекъутэ Iуэхущ1ап1эхэр зэтетхъуэвжьнымрэ, абыхъэм я лэжьыгъэр убзыхуным, экологие шынагъуэнщагъэ кьызэгъэпэщ1ынымрэ хэтынымрэ	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уху ныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитет Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ *(эгзурыIуаущ)*
11.	Терроризмэр къэмыгъэхъуным абы кьыкьа зранытIэхэр гъэмэщIэным икIи щIэпхъаджагъэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьным пыщIа Iуэхухэм щыгъуазэ захуэщIыным хуэгъэзауэ щIыналъэхэм эдгъэгъэкIуэкI лэжьыгъэм хэтынымрэ	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ *(эгзурыIуаущ)* Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэ

Щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэным хущIокъу

● Абы дегъэпIейтей

Псыхуабэ щытепсэлъэхьащ лъэпкъ куэд щыпсэу щIыналъэхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэ зэрыхъуну Iэмалхэм. «Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Кавказ» зэхуэсым хьхьэу, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ Шишкин Андрей иригъэкIуэкIащ Урыс чристэн члисэм и лIыкIуэхэмрэ КИФЩI-м и хэгъуэгъуэм щэнхабзэмкIэ я министрхэмрэ зыхэт зэIущIэ.

ШИШКИН Андрей зэхьхьэр къыщыдзэIуихым фIыщIэ яхуищIащ ар зи жэрдэмхэмрэ къырихьэлIаХэмрэ. Абы къыхигъэщащ округым щэнхабзэ щIэнинхэр зэрикуэдыр, КИФЩI-м и щIыналъэхэм дин туризмэм зэрызыщыпхуегъэужьнынр.

«ЩIыналъэ лъапIэхэм тхьэ елъэIуну кIэныным, щIыпIэм и дин туризмэм щIэупщIэ иIэ хъущ. Ар къызэгъэпэщ1ынымрэ егупсыс хъунущ къэрал Iуэхущ1ап1эхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр. Кавказым и тхыдэр ислъам диным и плъыфэ щхъуантIэм е чристэн члисэхэм я купол дыщафэхэм хуэдэу уи нэгу къыщIэбгъэхьэкIэ зэфIэкIынукъым. Ар плъыфэбэщ, щыналъэм и хъугъуэфIыгъуэу ятьыгъ», - жиIащ Шишкин Андрей.

Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм тхьэ щелъэIун Iуэхум зыщегъэужьныным теухуауэ ахьхалъхьам арэзы техъуэу къэпсэльащ Ставрополь крайм щэнхабзэмкIэ и министр Пичачёвэ Татьянэ. Абы и псалъэхэм къыхигъэщащ щIыналъэм и турист Iуэхущ1ап1э псоми апхуэдэ Iуэхухэр къыщызэрагъэпэщыну Iэмал зэрамыIэр, абы къыхэкIыуи нэхъыбэрэ дин ухуэныгъэхэм зэрызыщрагъэпIыхьыр. Турист программэм зэрыхэлэжьыхьыным къыдэкIуэу Iэщ1агъэлIхэри ирагъэджэну къапэщылъщ.

Урыс Чристэн Члисэм и Москва Патриархатым Члисэмрэ жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ я зэхущытыкIэхэмкIэ и Синод къудамэм и унафэщI Легойдэ Владимир къыхигъащащ дин туризмэм и Iэщ1агъэлIхэм папщIэ семинархэр КИФЩI-м и хэгъуэгъуэм щригъэкIуэкIыну зэрыхьэзырыр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щыпIэхэм туризмэм теухуауэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэм. Зэхьыхьэм хэтхэм мызэ-мытIэу гу лъатащ КИФЩI-м и щIыналъэхэм щэнхабзэмкIэ министерствэхэмрэ дин Iуэхущ1ап1эхэмрэ зэрыщIэздзаныжьым. Шишкин Андрей жиIащ щIыпIэхэм щекIуэкI зэхьыхьэм теухуа хъыбархэр зэрызэбграмыгъэхьэр икIи министрхэм кьалэн ящищIащ щIыналъэхэм я щэнхабзэ Iуэхухэр хэIущIыу щIыным гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну. Полпредым и къуэдзэм кьызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ туризмэм ехьэлIа зэхуэсхэм, турист Iуэхутхьабзэхэм ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтын зэрыхуейм.

Шишкин Андрей къытеувыащ Кавказ Ищхьэрэм и щэнхабзэ щIэинхэм я фэеплъэр хъумэным ехьэлIа Iуэху зэIумыбзэхэм. Къэбэрзэлъагъуэмэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Беларвенцев Олег и унафэкIэ, полпредым и аппаратым зэхигъэкIыну кьызэпсэльыщ Дербент дэт дунейпсо щIэину яльытэ Нарын-Кала быдапIэм пэгъунэгъуэ къарагъэжьа ухуэныгъэм ехьэлIа Iуэхухэр.

Псыхуабэ, Черкесск щыналъэхэм я фэепископ Феофилакт кьыхигъащащ щэнхабзэ, тхыдэ щIэинхэр хъумэным мыхьэнэщхуэ зэриIэкIынымкIэ, тхыдэ лъапIэныгъэхэр я нэщэнэщ щыналъэм и щыгъэныгъэ - терроризмэ гупхэм дуней псом щыцIэрыIуэ фэеплъэр зэрыщызэхакъутар. Архиепископым щызэрилытэмкIэ, тхыдэ лъапIэныгъэхэр я нэщэнэщ щыналъэм и щыгъэныгъэ зэрыхъумэр», - жиIащ архиепископ Феофилакт.

КРАПИВИНЭ Викториие.

Зыщагъэгъупщэхэм хуэдэкъым

● Жэрдэм

Си ныбжьыр илъэс 82-рэ мэхъури, «Адыгэ псалъэ» газетыр зэпымыуэ къысIэрохьэ икIи сфIэфI дыдэу содж. Дыззрыт зэман гугъум щыхухэм я Iуэхущ1афхэм, я псэукIэм, я гукъеуэхэм, республикэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм, дунейм щыхъыбархэм теухуауэ газет напэкIуэцIхэм къытехуэ тхыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэу къызолъытэ. Ахэр гъащIэгъуэнщ икIи удэзыхьэхщ. ФIыуэ слъагъу газетыр къэзгъэсэбэпу си гукъеуэхэмкIэ сывдзгуэшэну сыхуейт.

Къэжэр Индрис

РЕСПУБЛИКЭМ и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъахэм, а уиятIыныгъэхэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщ, артист икIи пшынауэ Iэзэ, япэ дыдэу «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Къэжэр Индрисрэ си адэмрэ зэкъуэшу бынхэщ. Щоджэнцыкlу Алийрэ Индрисрэ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ гъэр ящIри, Бобрийск щыIэ нэмыцIуэхэм ирадзащ. Абыхэм мызэ-мытIэу къыхуагъэлъэгъуат нэмыцIэхэм я лъэныкъуэ защIу яхуэлажьэну арэзы хъумэ, офицер дамыгъэ, лэжьапIэфI къратыну. Ауэ тIури арэзы техъуакъым я Хэкум епIыжыну. Апхуэдэуи а Iуэм щыкIэдащ.

Щэч хэмылъу, Щоджэнцыкlу Алий хуэфащэ цIыхубэм ящымыгъупщэну. Къэбгъэлагъуэмэ, дыщэ сын хуэбгъэув хъунут, и лъэпкъымрэ и Хэкумрэ гу кьабзэрэ псэ хьэлэлкIэ зэрахуэлэжьам, уеблэмэ, абыхэм папщIэ и псэр зэритам папщIэ. Щоджэнцыкlым и тхыгъэхэр курыт еджапIэхэм я программэм хьхьэу щIэблэм ядж. ТкакIуэ гуэзэджьм и щIэблэм ящIэ. Нэлшык къалэм и уэрам нэхъ ин икIи нэхъ дахэхэм ящыщ зым. А уэрам дыдэм тхакIуэм щыхуагъэуващ жэзым кьыхэщIыкIа сын дэгъуэз. Абдежым гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ гуфIэгъуэ, щыгъуэ пэкIухэм щыхуэзм ягу къыщагъэкIыж Щоджэнцыкlу Алий и Гъащ1эмрэ и гуащIэмрэ, ар гуузу дунейм зэрехьжар. Къыщынэмыщ1ауэ, къалэм дэтщ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зэзыхьэ Лъэпкъ театрэр музейрэ.

Ахэр псори Iуэху дахэщ икIи захуэщ. Алийрэ Индрисрэ зэныбжьэгъуу щытащ, пщIэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу зэдэлэжьащ икIи Хэку зауэшхуэм зэдыхэтащ, нэхъ ищхьэIуэкIэ кьызэрыкъэгъэщащи, зэгъусэуи кIэдыжьащ. Къэжэрэ я унагъуэ 80 хуэдиз Алтуд къуажэм дыдэсщи, ди жагъуэ мэхъу Индрис и цIэр цIыхубэм зэращыгъупщэжыр. Нэхъапэм ар къэзымыщIыхьэрэ фIыуэ къэзымылъагъурэ республикэм и зы адыгэ къуажи щыIэтэхъым.

КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI, Iуэрыпуатэдж щIэрыпуэ Нало Заур ар мыпхуэдэу игу кьигъэкIыжьыр: «Къэжэр Индрис артистышхуэт, пшынауэ Iэзэт, ди республикэм и зы къуажи щыIэу кьыщIэкIынкъым ар зрамыгъэблэгъа, тешанкIэкIэ здамыша хьэгъуэлIыгъуэрэ нысашэрэ. Индрис гуфIэгъуэкэр игъэдахэт, гукъинэжу иригъэкIуэкIырт. Нэхъыщхьэраци, щыхьышхуэрэ пщIэрэ кьыхуащIу щытащ».

Къэжэр Индрис артистыфI, уэрэдус, пшынауэ Iэзэ къудейтэхым, ар икIи дэрбэзэр Iэкlуэлъакlуэт. Къэзышэну щIалэхэмрэ яшэну хъыджэбзхэмрэ фэилъхьэгъуэ дахэхэр, фащэ екIуэкэр яхуидыт. Уеблэмэ, жаIэрт: Индрис фащэ зыхуид щIалэм нэхъ зызыгъэпагэ хъыджэбзри ящыщ. Апхуэдэ дыдэуи жаIэрт фащэ дахэ зыхуида хъыджэбзым зыхуей щIалэр и Iэмыщ1э ильу.

Къэжэр лъэпкъым ди жагъуэ мэхъу зэгуэр цIэрыIуэу щыта артистышхуэм, гуузу тфIэкIуэдам и цIэр цIыхубэм зэраIэщIэжужьыр, Налшык къалэм, Прохладнэ районым е Алтуд къуажэм нобэр кьызэдэсым зы фэеплъ зэрыщыхуамыгъэувар, абы и цIэкIэ зы уэрам зэрыщымыIэр, и фэеплъ музей кьызэрызэрамыгъэпэщыр.

Лъэпкъыр зыIэтахэмрэ Хэкур псэемыблэжу зыхъумахэмрэ зыщыщ гъэгъупщэ хъунукъым. Апхуэдэу щыта Къэжэр Индрис хуэдэхэм пщIэ егъэзгъуэтыжьпхъэу кьыдолъытэ.

КЪЭЖЭР ЛатIиф.
Альтуд къуажэ

Мы мазаулэм

Жэпуэгъуэм и 13, *махуэку*

♦Дуней къэхъукъащIэ шынагъуэхэм къашэ гъэзэгъуэхэр гъэмэщIэным и дунейпсо махуэщ

♦Нэхэм я дунейпсо махуэщ

♦1792 гъэм Вашингтон ухуэн щыщIадзащ США-м и президентым и хэщIапIэр.

♦1827 гъэм урысей дзэ флотым и гидрографие къулыкъур къэзгъэрагъэпэщащ.

♦1883 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысейм и театральнэ лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр.

♦1904 гъэм Тэрч-Псыжь полкым хьыхь адыгэ сотням хэтхэм зыкъаIэтащ.

♦1941 гъэм Анджмылым и кхъухьлъатэхэм Германием и Нюрнберг къалэм бомбэхэр щрадзащ.

♦2006 гъэм Пан Ги Мун ООН-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ.

♦Къэрал лэжьакIуэ **Къатхъэн Назир** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Къэрал, парт лэжьакIуэ, нартыхугъэкI цIэрыIуэ, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ГуащIэдзэкIым и Бэракъ Лтъыжь орденищ зыхуагъэфэщауэ щыта **Хьэщ1эл Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Инджылыз политик, жыл-агъуэ лэжьакIуэ, Великобританиеи и премьер-министру илъэс 11-кIэ щыта **Тэтчер Маргарет** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и нагъыщ псори зыхуагъэфэща **Захаров Марк** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Крамаров Савелий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 14, *мэрем*

♦Стандартхэм я дунейпсо махуэщ. 1946 гъэм къызэрагъэпэщащ Стандартизацэмкlэ дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1851 гъэм Лондон кьыщызэрагъэпэщащ «Рейтер» инджылыз хъыбарегъащIэ агентствэр. Ар иджыпсту дунейм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.

♦1926 гъэм Лондон кьыщыдэкIащ «Винни-Пух» тхыльыр, Милн Алан Александр и Iэдакъэщ1экIыр. Ар бзэ куэд дыдэкIэ зэрадзэкIащ, экземпляр мелуан бжьыгъэкIи къыдэкIащ. Заходер Борис урысыбзэм къригъэзагъэри, ди къэралми ар таурыхъ нэхъ гъэщIагъэри дыдэхэм хабжэ щыхъащ.

♦Урысей пащтыхь гуащэ, Павел I и щхьэгъусэ, къэралым и императору щытахэу Александр Езанэмрэ Николай Езанэмрэ я анэ **Романовэ Марие** къызэралъхурэ илъэс 257-рэ ирокъу.

♦США-м и 34-нэ президенту щыта **Эйзенхауэр Дуайт** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, оператор, УФ-м и цIыхубэ артист **Чухрай Павел** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуаздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Темрокъуэ Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Гимнаст цIэрыIуэ, Олимп джэгухэм медаль 15 (абыхэм ящыщу блыр дыщэу) къыщызыхьа **Андрианов Николай** къызэралъхурэ илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Хоккеист, гъэсакIуэ, Олимп джэгухэм тIэунейрэ я чемпион **Касатонов Алексей** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Модельер, УФ-м и цIыхубэ художник **Юдашкин Валентин** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Ставрополь щыналъэм и губернатор **Владимиров Владимир** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зым и зэран щэм йокI.

Къремыхъуж зэи апхуэдэ насыпышагъэ

Хабзэхъумэ къэмылэнджэж КІарэ Анатолэ

КЪЎР-м щыІэ МВД-м и тхыдэм щыяпэу Урысейм и Лыхъужь цІэр къыдІащащ лІыгъэрэ хахуагъэрэ кІыгъэлъагъуэу 2008 гъэм щІышылэм и 12-м хэкІуэда милицэм и полковник КІарэ Анатолэ Сулътан и къуэм. Хабзэхъумэ къэмылэнджэжым и цІэр зэрехьэ ар щеджа Налшык къалэ дэт курыт школ №4-м. Абы и цІэр тратхащ ЗэгурыІуэныгъэм и утым деж щыт ЩІыхь пхъэбгъум. Совет Союзым и ЛІыхъужьхэм я цІэр къызытещым.

КІарэ Анатолэ къулыкъу зэхуэмыдэхэр иІащ. 2005 гъэм и щыщхьэІуам ар КЪЎР-м щыІэ МВД-м и Криминальнэ милицэм и УБОП-м и унафэщІ хъуащ. 2005 гъэм жэпуэгъэм Іэщ1экІэ зэщІэуэда бзаджащІэхэр Налшык къыщытеуам щыгъуэ абы къыльыкъуэкІа хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ папщІэ Путин Владимир Кремлым къыщритауэ щытащ ЛІыгъэм и орденыр.

КъищынэмыщІауэ, КІарэ Анатолэ къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и 2-нэ нагъыщІэр, «Жылагъуэ хабзэр хъумэным и Іуэхум къызэрыщыхэжаныкІам папщІэ» медалыр, 2008 гъэм мэлыхьыхьым и 18-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ (мыпсэужу) абы кратащ Урысей Федерацым и дамыгъэ нэхъ лъапІэр - «Урысейм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр.

● ЩыІэщ апхуэдэ Іэщ1агъэ

Сыт щыгъуи ди гум филъыщ

Жэпуэгъуэм и 13-р хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэу зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я Фэеплъ махуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ. 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-14-хэм къэхъуа гуащІэхуэм, зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъ Іуэхугъуэхэр республикэм щокІуэкІ.

ЩЭБЭТ КІУАМ КЪЎР-м и МВД-м и Іэнатіэ хэхахэм я хэщІапІэхэм щекІуэкІащ «Сыт щыгъуи ди гум филъынщ!» Іуэхугъуэр. Нэхъыщхьэу ар зытраухар кьыщІэхъуэу щІэблэм Хэкур фІыуэ ильагъу, абы хуэпэжу псэуным кьыщІэгъэтэджэныщ.

Хабзэ яхуэхъуа а Іуэхум кьрагъэблэгъат Шэрэдж районым хьихьэ Бабугент кьуажэм дэт школ-интернат №2-м щеджэ кадетхэр, Прохладнэ щІыналъэм и Прималкинскэ кьуажэм кьикІа класс нэхъыжь школакІуэхэр, хэкІуэда хабзэхъумэхэм, кьулыкъым и ветеранхэм я бынхэр. НыбжьыщІэхэр щыгъуаз ящІащ «Эльбрус» СОБР-м и тхыдэм.

1993 гъэм кьызэрагъэпэщащ ар, зэщІэгъэуІуауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм я пэщІэтыну гуп щхьэхуэу. Абы и кьалэнщ хабзэхъумэхэм Іэщ1экІэ зэщІэуэзда гупхэм я пэщІэтыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр къаурКІэ щІагъэбыдэнри, бзаджащІэхэм хабзэншагъэкІэ яхьумэ Іэщ1эфащ1эхэр, лагъымхэр, наркотикэхэр къатехьыну, апхуэдэу гъэрыпІэ ирагъэува щІыхуэхэр хуит къэщІыжыныр.

«Эльбрус» СОБР-м и лэжьакІуэхэм щІэнтІэпсрэ лъыкІэ кьалэжьащ адрей Іэнатіэхэм кьадыхэт хабзэхъумэхэм кьыхуащІ пщІэмрэ щІыхьымрэ. Іуэху щхьэхуэхэр щрагъэкІуэкІкІэ зауэлІхэр апхуэдизу жыджэрщ, хахуэщ икІи Іэ3эщІ, щІэнтъаджащІэхэм кьэхьуар кьагурыІуэну хунэмысу, я Іэхэм Іэпщ1эхьэр кьэхуэтэ. Ди жагъуэ зэрыхунщІи, хэщІыныгъэхэри щыІэщ: гупыр кьызэрызрагъэпэщІрэ я кьалэнхэр ягъэзащІэу лэжьакІуэ 11 хэкІуэдащ, 14 ялъгъэ хуауащ. 6-м мыпсэужу ЛІыгъэм и орденыр хуагъэфэщащ.

КЪЎР-м щыІэ МВД-м и «Эльбрус» СОБР-м и Іэтащ1эхэр полицэм и полковник Щоджэн Къадир. Ари зыбжанэрэ Іэгъэгъэ хьауауэ Іэщ1ащІ. Щоджэнмрэ хьауагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр. Абыхэм ящыщщ иджыблагъэ ХІрата «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и IV нагъыщІэр. Къадир и унафэм щІэту заузлІхэм зэпымыууэ хагъахьауэ Іэщ1агъэ и лъэныкъуэкІэ ябгъэдэлъ Іэзагъэр.

- Нобэ фэ Іэмал Іуэгъэзджэ фиІэщ фыкъэзэлъымэхэр зэвгъэлъагъуну. 2005 гъэм абыхэм лІыгъэшхуэ зэрахьащ. Зэманым кьызэригъэлъагъэщи, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтыныр Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, дуней псом кьыпэщыкІ кьалэнщ. «Фылажьэ, къуэшхэ!» - а псалъэхэр зэпэ щ1ыпІи щ0іу икІи псоми яхуэгъэзащ. Шэч хэлъкъым фэ ди кьэралыр, ди хэкур фІыуэ зэрыфлъагъуным, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм КЪЎР-м экстремизм щ1ымІэнымрэ щ1алэрІуалэ политикэр пэщІэкІынымкІэ Іэ3эщІакІуэ властхэм и организацэхэм зэрфІагъэкІ Іэмкьыгъэр зэщІэгъэуІуэнымкІэ и министр Къуэшрокъуэ Залым.

Кьызэхуэсахэм зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьри, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м лІыгъэ хэлъу хэкІуэда Нурбаганд Магомед, Дагъыстэн Республикэм и полицейм, Урысейм и ЛІыхъужьым теухуа уэсэхэм я кьеджащ. «Фылажьэ, къуэшхэ!» жызыІа щІалэм и щ1апхъэм кьегъэлъагъуэ щІэпхъаджащІэхэм задзбгъэш зэрымыхьунур, ахэр я лъэпкъэгъуи, я хэкуэгъуи зэрыщымысхьынур.

Хабзэ зэрахуэхъуам теуту, сабийхэм ирагъэльагъуащ техникэ, Іэщ1э-фащ1э зэмылІэужьыгъуэхэр. Дэтхэнэрэ зищІысыр гурагъэІуауэ. СОБР-м и лэжьакІуэхэм яхуеблэгъанэкъэ БТР-кІэ кьрашэкІащ.

Ныбжьыщ1эхэр щІыналъэ Іэнатіэ хэхам и лэжьакІуэхэм зыщагъасэ спорт пэщыт. Лъэпкъ макъамэм щІэту хабзэхъумэхэм ягъэльэгъуащ Іэпщ1эрыбанэ зауэм и Іэмал гъэщІэгъэнэхэр, Іэщ1экІэ зэщІэузэда щІэпхъаджащІэхэм зэразэщІапхъэмэнур. ЩІалэхэр зэрыпсыхьар абыхэм елъапхъэм хьэкъ ящ1ыхьащ. Кьыхэдгъэщынщи «Эльбрус» СОБР-м зэрыщІэрэ абы и лэжьакІуитІ Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ дуней псом и чемпион хъуащ, щым дунейпсо кубокыр кьахьащ, щыг Европэм и чемпионщ, Урысейм и чемпионэр 14, КИФЩІ-м и чемпионэр 27-рэ мэхъу.

Адэкіэ кьызэхуэсахэр ирагъэплъащ СОБР-м и лэжьакІуэхэм ягъэхьэзыра «Илъэс 20 хьауэуэ хабзэр яхьумэ» видеороликым. Ар ятеухуат хэкІуэда лэжьакІуэхэм. Псори щыту икІи щыму а кадрхэм елъащ. Гур хэмыщІынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Аэр щІалэт, ауэ я къэмыланджэжу нэхъ лъапІэ дыдэр - гъащІэр - ятащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтыр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

● Урысейм и ЛІыхъужьхэр

И цІэр тхьдэм къыхэнащ

Москва, Горькэм и цІэр зезыхьэ жыг хадэ зыгъэпсэхупІэм итщ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэ, Урысейм хэт и ЛІыхъужь 19-м я цІэр зытетха фэеплъ пхъэбгъу. КІарэ Анатолий абыхэм ящ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м хэкІуэдахэм ящыщщ сабиищым я адэ, плъыр комендантым и дэІэпкъуэгъу прапорщик Красиков Александр Владимир и къуэр.

КРАСИКОВ Александр 1958 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м Налшык кьыщалъхуащ, курыт Іэщ1агъэ хэха иІэу КЪЎР-м щыІэ УФСБ-м 1995 гъэм лэжьэн щ1ыщІадзащ. «Алмаз» цІыхуэхэр пщыгъупщэ хъунукъым, я гъуэн тетыкІамрэ щапхъэхэр, цІыху хэтыкІамрэ щапхъэщ», - жаІэ къыдэлэжьахэм.

Жэпуэгъуэм и 13-м Іэщ1экІэ зэщІэузэда бзаджащІэхэр зытеуа хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ящыщт КЪЎР-м щыІэ УФСБ-р. Прапорщик Красиков Александр япэуваД я Іуэхущ1апІэхэм щІыхьэу кьебгъэрыкІуэ бзаджащІэхэм икІи хахуагъэрэ лІыгъэрэ кьигъэльагъуэу я зэхэуэм хэкІуэдащ.

Красиков Александр «Урысейм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр къыфІащащ, щджэ Налшык дэт гимназиэ №13-м и цІэр зэрехьэ. Абы и цІэр тетщ ЗэгурыІуэныгъэм и утым деж щыт ЩІыхь пхъэбгъум.

ЩІэблэм дахуэвгъэсакъ

Терроризмэмебэныныр нобэкІэ дуней псом и Іуэху щхьэщІапІэхэм я гурыІуэгъуэщ - террористхэм я цІыхугъэншагъэмрэ гужьгъэжьымрэ гъунэ иІэкъым. Абы щэнхабзэр, хабзэр, щІыхьр зэса щыІэкІэпсэукІэр, гупсысэкІэр зэтрекъутэ, гъащІэ куэд токІуадэ.

ТЕРРОРИЗМ псалъэр латиныбзэ «terror»-м кьыхэкІащ, шынагъуэ жиІэу аращ кьикІыр. Абы нэхъ Іей дыдэу хэлъыр лажьэ зи мыІэ цІыху хей бжьыгъэнщэхэр зэрыхэкІуадэраш. Къищынэмыщ1ауэ, къэралми абы и цІыхухэми сыт и лъэныкъуэкІи зэран яхуохьу. Террористхэр сытыми дежи щыІащ, ауэ иджырейхэм хуэдэу мыпТкъушхуэрэ зэфІэкІрэ зэи яІагъэнукъым.

Терроризмэр зыхуэзгъэзам теухуауэ ІлІэужьыгъэ зыбжанэу зыщхьэщедз, экономическэ терроризм, и лъэпкъым хуэгъэзэжа терроризм, правительствэм хуэгъэза терроризм, лъэпкъ зэхэгъэжьи зи лъабжьэ терроризм, фІэщ1ухьныгъэ терроризм.

Иужьрей лІэужьыгъуэращ нобэкІэ цІыхур гущІэ хэзымыгъэкІыр. Псалъэм папщІэ, щІэнтъаджащІэхэм хабзэншагъэкІэ яхьумэ Іэщ1эфащ1эхэр къатехьыну, апхуэдэу гъэрыпІэ ирагъэува цІыхуэхэр хуит къэщІыжыныр.

«Эльбрус» СОБР-м и лэжьакІуэхэм щІэнтІэпсрэ лъыкІэ кьалэжьащ адрей Іэнатіэхэм кьадыхэт хабзэхъумэхэм кьыхуащІ пщІэмрэ щІыхьымрэ. Іуэху щхьэхуэхэр щрагъэкІуэкІкІэ зауэлІхэр апхуэдизу жыджэрщ, хахуэщ икІи Іэ3эщІ, щІэнтъаджащІэхэм кьэхьуар кьагурыІуэну хунэмысу, я Іэхэм Іэпщ1эхьэр кьэхуэтэ. Ди жагъуэ зэрыхунщІи, хэщІыныгъэхэри щыІэщ: гупыр кьызэрызрагъэпэщІрэ я кьалэнхэр ягъэзащІэу лэжьакІуэ 11 хэкІуэдащ, 14 ялъгъэ хуауащ. 6-м мыпсэужу ЛІыгъэм и орденыр хуагъэфэщащ.

КЪЎР-м щыІэ МВД-м и «Эльбрус» СОБР-м и Іэтащ1эхэр полицэм и полковник Щоджэн Къадир. Ари зыбжанэрэ Іэгъэгъэ хьауауэ Іэщ1ащІ. Щоджэнмрэ хьауагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр. Абыхэм ящыщщ иджыблагъэ ХІрата «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и IV нагъыщІэр. Къадир и унафэм щІэту заузлІхэм зэпымыууэ хагъахьауэ Іэщ1агъэ и лъэныкъуэкІэ ябгъэдэлъ Іэзагъэр.

- Нобэ фэ Іэмал Іуэгъэзджэ фиІэщ фыкъэзэлъымэхэр зэвгъэлъагъуну. 2005 гъэм абыхэм лІыгъэшхуэ зэрахьащ. Зэманым кьызэригъэлъагъэщи, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтыныр Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, дуней псом кьыпэщыкІ кьалэнщ. «Фылажьэ, къуэшхэ!» - а псалъэхэр зэпэ щ1ыпІи щ0іу икІи псоми яхуэгъэзащ. Шэч хэлъкъым фэ ди кьэралыр, ди хэкур фІыуэ зэрыфлъагъуным, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм КЪЎР-м экстремизм щ1ымІэнымрэ щ1алэрІуалэ политикэр пэщІэкІынымкІэ Іэ3эщІакІуэ властхэм и организацэхэм зэфІагъэкІ Іэмкьыгъэр зэщІэгъэуІуэнымкІэ и министр Къуэшрокъуэ Залым.

Кьызэхуэсахэм зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьри, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м лІыгъэ хэлъу хэкІуэда Нурбаганд Магомед, Дагъыстэн Республикэм и полицейм, Урысейм и ЛІыхъужьым теухуа уэсэхэм я кьеджащ. «Фылажьэ, къуэшхэ!» жызыІа щІалэм и щ1апхъэм кьегъэлъагъуэ щІэпхъаджащІэхэм задзбгъэш зэрымыхьунур, ахэр я лъэпкъэгъуи, я хэкуэгъуи зэрыщымысхьынур.

Хабзэ зэрахуэхъуам теуту, сабийхэм ирагъэльагъуащ техникэ, Іэщ1э-фащ1э зэмылІэужьыгъуэхэр. Дэтхэнэрэ зищІысыр гурагъэІуауэ. СОБР-м и лэжьакІуэхэм яхуеблэгъанэкъэ БТР-кІэ кьрашэкІащ.

Ныбжьыщ1эхэр щІыналъэ Іэнатіэ хэхам и лэжьакІуэхэм зыщагъасэ спорт пэщыт. Лъэпкъ макъамэм щІэту хабзэхъумэхэм ягъэльэгъуащ Іэпщ1эрыбанэ зауэм и Іэмал гъэщІэгъэнэхэр, Іэщ1экІэ зэщІэузэда щІэпхъаджащІэхэм зэразэщІапхъэмэнур. ЩІалэхэр зэрыпсыхьар абыхэм елъапхъэм хьэкъ ящ1ыхьащ. Кьыхэдгъэщынщи «Эльбрус» СОБР-м зэрыщІэрэ абы и лэжьакІуитІ Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ дуней псом и чемпион хъуащ, щым дунейпсо кубокыр кьахьащ, щыг Европэм и чемпионщ, Урысейм и чемпионэр 14, КИФЩІ-м и чемпионэр 27-рэ мэхъу.

Адэкіэ кьызэхуэсахэр ирагъэплъащ СОБР-м и лэжьакІуэхэм ягъэхьэзыра «Илъэс 20 хьауэуэ хабзэр яхьумэ» видеороликым. Ар ятеухуат хэкІуэда лэжьакІуэхэм. Псори щыту икІи щыму а кадрхэм елъащ. Гур хэмыщІынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Аэр щІалэт, ауэ я къэмыланджэжу нэхъ лъапІэ дыдэр - гъащІэр - ятащ.

Бын зыпІын, псэун, шхэн хуей цІыхуэм ар кьыпохьэлъэ, мэгужьей, сом щхьэкІэ сыти ищІэну тогушхэу.

ЦІыхур закъуэныгъэм кьыхуигъэщІакъым, ар унагъуэ, гуп, зэгухьэныгъэ, лъэпкъ гуэрым щыщым хуейщ. Унагъуэмэ, лъэпкъмэ щымы-щу, гульытэ кьыхуамыщІу, и Іуэхуми и псальэмэ зыри хуэмыныкъуэу кьыщІихьумэ, хэкІыпІэу ильагъуэ зыщ - залымыгъэкІэ цІыхуэхэм гу зылъригъэтэн папщІэ, ешэм хуэдэ гупым хьыхьэнэр, абы я щу, гульытэ кьыхуамыщІу, зыгуэр кьыщІтхъун щхьэкІэ.

Къэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, террорист хьухэм я нэхъыбапІэм я адэ е я анэ кьащхьэщытыжкьым, пэжьапІэ Іуткъым, жыІэзыфІэщщ. Террорист хьун ипэ кьихуэу, цІыхур нэщхьей мэхъу, шынэ, гуэвэ кьецтэ, и жейр мэкІуэд, щымщ. Апхуэдэуи цІыхум зэрызихьуэжам и нэщэнэ хабзэхъумэ я кьулыкъу зезыхьэхэмкІэ мыварэзыуэ яхуэпсэльэныр, дзыхьщІыгъуэджэ ныбжьыгъуэхэр кьыкІэлъыкІуэ хъуныр, и лъэпкъ хабзэр, кьафэр, фащэр кьыфІэмыІуэныр, жьакІэр игъэкІыныр.

ХэкІыпІэ

ИСЛЪАМЫР я тегъэщІапІэу, диныр залымыгъэм хуэзыгъакІуэхэм, нэгъуэщІ дуней тетыкІэм зезытахэм нэгъуэщІ Іуэху ещІыкІу зезыгъэгъэрэкъым. Сыт щІэн хуей быныр «вахабизм» жыхуаІэм димыхьэхьэн папщІэ?

Психологэмрэ егъэджакІуэгъэсакІуэхэмрэ зы жьэу зэдыжьаІэ ар зэлъытар гъэсэныгъэм я фащ1эр. Ди Іыхьлъэр кьапщтэмэ, и быныр зэдэщІыпІэмрэ илэжьымрэ хэзымыщІыкІэр щыІэщ. Ар тэмэмкъым.

Сабий сад кІуэгъуэр къэсамэ, гъэкІуапхъэщ. Сабийр щІыхьи яхэту, езым и ныбжь цІыкІухэм яхэзагъу, и ныбжьым кьеззгъ зэфІэкІ иІэу зегъэужьын хуейщ. Абы кьыкІэлъокІуэ курыт еджапІэр. Абдежи егъэджакІуэхэр кьаззрыщІэлажьэмкІэ, кьазэрыкІэлъыплъымкІэ адэ-анэм я гур мьзагъэу, езыхэри быным дзщІыгъун, яущиин хуейщ. Сыт илажьми, хэт и гуэсми, сыт иГу ильми, сытым егупсысми адэ-анэм дзыхь яхуищу апхуэдэ зэхущытыкІэ я зэхуаку дэлъыпхъэщ.

Сабийм ущыщІэгубжьи кьохъу. Абы щыгъуэми адэ-анэр кьызэрыхуэныкъуэр, фІыуэ кьызэралъагъур кьыгуражгъаІуапхъэщ, и щыуагъэри зэгурщ1эхэжьмкІи зэкІыпІэхэр ирагъэпІагъун хуейщ, губжь кьудейкІэ зэфІамыгъэкІыу.

Сабийм и махуэр Іуэхуки, зыгъэпсэхугъуэкІи, джэгугъуэкІи гъэнщІауэ щытын хуейщ, ауэ ебгъэлей хьунукъым. Псалъэм папщІэ, адэ-анэ куэд щыІэщ ильэсибл хьу я сабийр еджапІэ нэужьым кьанэ махуэ ныкъуэм сабийр зыгуэрым дегъэзыхьхэщ, ауэ Іэпэ дэуПІэ имыІэу ар куэдым бгъакІуэ хьунукъым. Абы нэхърэ нэхъыфІщ сабийм и зэчиймрэ и зэфІэкІымрэ теухуауэ зы Іуэхугъуэ кьыхэпхрэ щ1ащІауэ тебгъэлажьэмэ. Псалъэм папщІэ, е кьафэ, е музыкэ, е спорт... Пщ1ащ1ыхьуегъэзэкІыу кьыхуэнэ зэманым джэгуну, унэ лжьыгъэхэр игъэзащІэжьыну кьару кьыхуэнэн хуэдэу. Ауэ хьэкъыр зыщ: сабийм и кьарур, и зэфІэкІыр кьыщигъэсэбэпырфын, екъулІэныгъэр кьыщигъэпсэгъуэфын, зыгъэгуфІэн Іуэху щхьэпэ зэрихуэн хуейщ. Абы хьэл-щэн быдэ иІэу ипсыхьнущ, япэ кьэсым гъэгуэм тримышыфын хуэдэу.

КАНЫКЪУЭ Гуащэдахэ.

Емынэ жагъуэ

Пщ1эдджыжьыпэщ. Уэрамхэри лъэс лъагъуэзхэри зэхуэщІащи, цІыху гуэжьеяхэм щхьэрыхьу уэрам зэгъуэжІ кьалъыхуэ. Кьалэ мамырым емынэ жагъуэр кьыщхьэщІыхащ. Ихъурерягъыр кьызэхэзжьхьурэ здэзунэтІа пщІантІэмкІэ сэри соІэ. Джэдгъынфэ кьуэлэну зэщІыкъэпІа лІым фочыгъ гъэпкІар ирехьэхри, лъэбакъуэхъуу кьыспоув:

- Абыкіэ ущІэзекІуэ хъунукъым. Гъаз!

ЛІым и пыІэ «шыгун цІыкІу» лъахъшэу кьеуфэхам нэхэр кьащІэсльэгъуэну селлалэІурэ:

- КхьыІэ, сыблгъэкІ. СыздэкІуэр модрей пщантІэращ. ЛІыжь пІэхэнэ кьыспоплъэ.

- БжесІэр зэхэпхрэ?! Гъаз!

Сыкьыдыкуэгъэтри, нэгъуэщІ дыхьэпІэ кьэслъыкьхуэу зызоплъыхь. Дэнэкіи вэржьэрщ, дэнэкіи зэрызехьащ. А вэржьэр ятэм кьузхъуэпсыхьуэр кьиГаджэжу кІий макъ гуэр кьыхогъуэхьукІри, зэуэ мэувыІэж.

Бэыпхъугъэ дахэшхэт я нэхъыпэ зейр. Ар кьажэрт и бостеикІэм щилъахъэкІэ лъэпрапэуэр фтыреижу. Лъэпрапэу щІым зытриІэтыкІыпрт, и лъэхэр зэблимыхыфурэ зидзыпрт. А зэрызидзым хуэдэурэ зиукъэудижьыр, щІы щхьэсфэм шынагъуэ гуэру щхьэщІлъэтырт. Жэрэт? Зихьрэт, хьэмэрэ зы кьару шынагъуэ гуэрым ихьрэт? Бзу кьищІынэмыщІа, апхуэдэ щІэлъэтыкІэ зиІэ псэущхьэ слъэгъуГакъым. Бзу уІэгъэ. Кьулейсыгъэ фІэкІыпІэнэшэр зытепсыха бзу. Зи дамэ кьутахуэхэр зыІэпэхуж бзуушхуэ.

КьыфІэщэта щхьэлъащІэр бзылъхугъэм и дамащхьэм телът. Бапхьэу зэкІэрапщІа и щхьэц тІэкІур псыфу зэгуэхурт. Гъунэгъу кьэхьуу щыблэлъэтым, и лъэтхьэмпэм фІэлъ вакъэ лъэмбыІуэ кьущІыхущ лъейри, езыри кьэдэгъуэпсыр кьыпищІэту зблихащ. Вакъэ лъэмбыІуэ кьэспхьуатэри, скІэлъпыщІэпхъуащ сэри. Зыгуэр кьысКІэлъэкІий. Зыгуэри кьызоІунщІ. Зыгуэрыи си блыпкІэр еутхыпщІри сызэрегъэплъэкІ:

- И гугъу умыщІ абы.. И кьуэр...

- жиІэурэ зэхэуэшхуэр кьыздиІукІ лъэныкъуэмкІэ и щхьэр ещІ.

Нэхъеижу, кІуэцІыкІыщІэр кьуритхьыу, кІий макъ шынагъуэр аргуэру кьоГури бзылъхугъэр цІыху Іувым хогъуащэ. Хьэуэ, хэгъуащэркъым... Мажэ. Мэджалъэ. Мэлъатэ. Аргуэру мэджалъэ. Дунеижьыр кьызэриухуэрэ мажэ а бзылъхугъэ насыпышэр. А жэрыгъэ шынагъуэм тетурэ щІыкІатибл купщІэм ихьэнщІи, а гъэгу кІэхьышІэм дзжэуэрэ, уафэ купразыр зи хэщІапІэ кьару пльэщым и пащхьэ ихьэнущ. КьэгъэщІыгъэр кьэщІэщжа нэужьи жэнущ а бзылъхугъэр. ЦІыхум цІыхуэр щІилІыж щІыр ибгынэнущи, КьэзыгъэщІым и пащхьэ теІуащІкІыпІэу зыщІриупщІхьнущ. Зиукъэдиижьра а нетІэ зэрыкІиям ещхь дыдэу (хьэуэ, нэхъ гужьеиГуэжу) хьэ пщІэууэ хэкІиикІынущ аргуэрыжу. Зыми емыщхь а Макъым дддэ, зэ мыхъуми зэгуэр, Уафэм зыкъьхуишинущ... Ауэ сыту иджыри кІыхьыщ а тхьэмыщкІэм кьыпищІыть гъэгур! Анщ ар.

Вакъэ лъэмбыІуэр гъэгубгъум сотэтІыльэ.

...Бжэ Іусхам и Іуэзлъэуэм кьыхуеплъэкІри, си тхьэмадэм:

- «Къэт» жебгъэкІат, тІыкІуэ! ЩІыхьэщІэкІыр яубла нэужь, жьакІэупс кьепхьэжьэну ара? - жеІэ.

Дадэ илъэс 87-м хэтщ. ПІэм хэлъ лІыжьым хабзэ ткІийуэ ар щІыпІуащи, пщ1эдджьжь къэс и жьакІэр дупс. Іэмэпсымэхэр зэзгъэзащхуэрэ сотыысилІэри:

- Дадэ, пщІэрэ сыкьыщІэгувар?

...ХузоІуэтэж уэрамым си нэгу щыщІэкІар.

Щыму кьызодаІуэ. Дадэ лІы губзыгъэщ, щІэныгъэлІ еджагъэшхуэщ. Зауи гъабли хэпльащ. Щыму кьызодаІуэ. ЖьакІэупсым лъагъуэу тхъурымбэхур кьрелъэщІэх. А лъагъуэ дыдэм кІэзызыуэ кьоуКІуриех лІыжьым и нэпс пІащІэхуэр.

- Дадэ! БжесІэн мыгъуэтэкъымы... Уи нэгу щІэкІам нэпс кьыпхурина иджыри? Умыгъ, кхъыІэ!

И жьэпкъыпэр щІэуджьыхьуэр лІыжьым жеІэ:

- Мы иджыпсту кьыфпекІуэкІар нэхъ шынагъуэщ, тІыкІуэ, дэ дызыІупльам нэхърэ. Ныбэ гукъуэу Іуэтэжьы-гъафІэщ, жи.

Фэ кьыфлъихьа зэманыр *(мэщатэ)*... ГущІэгъу Алыхьым кьыфхуищІ.

Яуклаэри зыукІэкІри дыдейщ. Иужьрейхэм я анэхэри гІащ, «укъэзмылъхуам нэхъыфІти», жаІэу,

КЪАРМЭ Іэсият.

Гъыбзэ

Бын гуэзвэгъуэ зыгъэ анэхэм тыгъэ яхуэощІ

Кьалэ щэхур кьыдэщтэу,
ШІэ щІэльэтыр мэджалъэ -
ЩІэлъэныкъуэр згуэщэту,
ПІэщхьагъ псыфыр мэбгъунлъэ.
Тхьэгъуэшищэр зэпэджэу,
ДжакІуэ жагъуэр кьыслъохьэ,
Хьэлъкъ бжэІулъэр зэщыджэу,
Уэрамжьыш сыдохьэ...
- Ей, си сабий гъэущэ мыгъуэ, уей!
Ипщэ зысщІмэ - фІыщІагъэт,
Си ищхьэрэр - хьэдагъэт,
Лъапэ лъапщІэр солъэфри -
Гукъуэпс лысыр щІалъэфри...
- Ей, си сабий щыуа мыгъуэ, уей!
Укъэзмылъхуэ, сыгущэт,
Укъущыслъхуэмэ - сымыгъуэт.
Гущэ мыгъуэ зэуэспхэрт -
Зэман егъуэм ухэслъхуэрт...
- Ей, кІэтІий кІапэ уэ мыгъуэ, уей!
Уэрамыжьу мывалъэр
Лъэбыкъауэуэрэ кьыздожэ,
Абрэмывэр си хьэлъэу
Уи лъэужьым сырожэ...
- Ей, си сабий жкъуэ мыгъуэ, уей!
Бжэ дыхьэпІэр кьэслъыхъуэу,
Хъуреягъым зыздэдзыр -
Кьэрэгъулым сильигъуэу
Нэмыплъ яГуэр кьызедзыр...
- Ей, хьэдзэкъапІэ уэ мыгъуэ, уей!
Хьэлъэзешэр гурыму
Уэрам егъуэм кьыдохьэ,
Хьэ гъэсахэр нэщамэу
Нэлатыбжэм ныІуохьэ...
- Ей, узекІуа кьудей мыгъуэт, уей!
УкъэщІокІри - уаукІыр,
УкъэщІонэри- уаЛІыжьр.
ЛІыуКІ набжьэр мэпыджэ -
Си гущхьэІур зэщоджэ...
Ей, си сабий кІуэда мыгъуэ, уей!
Дамэтелъыр зэпльэкІмэ,
СльэмыкІыжу согуІэ -
КьэзгуІыжьрэ солъаІуэ -
КьэсльэІуэжурэ соІункІэ...
Ей, си быдэшІэ хужь мыгъуэ, уей!
ШэпэІудзэу сыздэфщІти!
Си бгъэгухур фыупщІати,
УпщІэтахуэр хьэІуэ!
Сифхъухьжурэ фыкІуати...
Уэу-уи, си быдэшІэ лъыпс гущэ, уей!
Топ пэщхьыну ауэдыр
Гурымыжьхуэрэ мэжьватхъуэ...
.....
Кьесльэщ1э...хыр... лъы щ1Іауэ
Уи хьэдащхьэм (...) сафІопхъуэ!
Уэу-уи, анэ Іыхьэ Іэл гущэ, уей!
.....
Уафэ набгъэр мэбгъунлъэри
Кьыстещатэуэрэ сепІытІ.
Лъыпс кІэдэхъуэр Іэщ1Іэлъу
Дуней бзагъэр мэкъырт...
Е-е-ей, анэ Іыхьэ зэз мыгъуэ, уей.

ЩІэблэм дахуэвгъэсакъ

Терроризмэмебэныныр нобэкІэ дуней псом и Іуэху щхьэщІапІэхэм я гурыІуэгъуэщ - террористхэм я цІыхугъэншагъэмрэ гужьгъэжьымрэ гъунэ иІэкъым. Абы щэнхабзэр, хабзэр, щІыхьр зэса щыІэкІэпсэукІэр, гупсысэкІэр зэтрекъутэ, гъащІэ куэд токІуадэ.

ТЕРРОРИЗМ псалъэр латиныбзэ «terror»-м кьыхэкІащ, шынагъуэ жиІэу аращ кьикІыр. Абы нэхъ Іей дыдэу хэлъыр лажьэ зи мыІэ цІыху хей бжьыгъэнщэхэр зэрыхэкІуадэраш. Къищынэмыщ1ауэ, къэралми абы и цІыхухэми сыт и лъэныкъуэкІи зэран яхуохьу. Террористхэр сытыми дежи щыІащ, ауэ иджырейхэм хуэдэу мыпТкъушхуэрэ зэфІэкІрэ зэи яІагъэнукъым.

Терроризмэр зыхуэзгъэзам теухуауэ ІлІэужьыгъэ зыбжанэу зыщхьэщедз, экономическэ терроризм, и лъэпкъым хуэгъэзэжа терроризм, правительствэм хуэгъэза терроризм, лъэпкъ зэхэгъэжьи зи лъабжьэ терроризм, фІэщ1ухьныгъэ терроризм.

Иужьрей лІэужьыгъуэращ нобэкІэ цІыхур гущІэ хэзымыгъэкІыр. Псалъэм папщІэ, Іэщ1эфащ1эхэр, лагъымхэр, наркотикэхэр къатехьыну, апхуэдэу гъэрыпІэ ирагъэува щІыхуэхэр хуит къэщІыжыныр.

«Эльбрус» СОБР-м и лэжьакІуэхэм щІэнтІэпсрэ лъыкІэ кьалэжьащ адрей Іэнатіэхэм кьадыхэт хабзэхъумэхэм кьыхуащІ пщІэмрэ щІыхьымрэ. Іуэху щхьэхуэхэр щрагъэкІуэкІкІэ зауэлІхэр апхуэдизу жыджэрщ, хахуэщ икІи Іэ3эщІ, щІэнтъаджащІэхэм кьэхьуар кьагурыІуэну хунэмысу, я Іэхэм Іэпщ1эхьэр кьэхуэтэ. Ди жагъуэ зэрыхунщІи, хэщІыныгъэхэри щыІэщ: гупыр кьызэрызрагъэпэщІрэ я кьалэнхэр ягъэзащІэу лэжьакІуэ 11 хэкІуэдащ, 14 ялъгъэ хуауащ. 6-м мыпсэужу ЛІыгъэм и орденыр хуагъэфэщащ.

КЪЎР-м щыІэ МВД-м и «Эльбрус» СОБР-м и Іэтащ1эхэр полицэм и полковник Щоджэн Къадир. Ари зыбжанэрэ Іэгъэгъэ хьауауэ Іэщ1ащІ. Щоджэнмрэ хьауагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр. Абыхэм ящыщщ иджыблагъэ ХІрата «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІ

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Псори я пІэ йоувэж

● Тырку

Ди корреспондентым дегъэгуфІэ: мыгувэу Антальем ди ахъшэр щы-зекІуэнущ, игъэІэпхъуэ мыхъу мылъку къыщы-зыщэхуэсэн уасэхэм щы-хукІэрагъэхунщ.

УРЫСЕЙМРЭ Тыркумрэ я президентхэр зэрызэхуэзэрэ, гуапэу зэрызэпсалъэрэ зэман дэкІащ. Къэралхэр зэгурыІуэщ дяпэкІэ зэфІэмынэну, нэхъапэм зэхуаІа зэхущытыкІэхэр зэфІагъэувэжыну. Арати, Антальем къыщыхутащ урысейхэм я япэ гупэхр. Ауэ тыркухэр абы хуейуэ пІэрэ? Зыщыбгъэпсэхуну мышынагъуэу пІэрэ - Тыркум гъунапкъэ хуиІэщ Урысейм хуит щамыщІ «Ислъам къэралым» и террористхэм илъэс куэд хьуауэ езауэ Сирием? А упщІэхэми нэгъуэщІхэми жэуап ират тырку министрхэм, хьэщІэщхэр зейхэм, зхэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэм - зи псэукІэр урысей туризмэм епха псоми.

«ИугъащІэ ди зэныбжьэгъугъэм!»

Мы псалъэхэр купщІэ яхуэхъуащ Антальем щекІуэкІэ урысей-тырку медиафорумым.

«ИугъащІэ ди зэныбжьэгъугъэм!» - кІийрт комментаторыр Урысеймрэ Тыркумрэ я футбол командэ къыхэхахэр щызэдджэгум.

«ИугъащІэ ди зэныбжьэгъугъэм...» - урысыбзэ мыщэрыуэкІэ сэлам къыдех хьэщІэщым и Іунэгъуу щыт пхъэнкІакІуэм.

ЗанщІэу гу лъыботэ тыркухэм ди делегацэр егъэблагъэным егупсуу зэрызыхуагъэхьэзырам.

- Дунейм зэныкъуэкъу къэралхэр щыкъэщІ, ауэ щымащІэщ зым имыІэр адрейм иІэу зэдзэпсэухэр,- апхуэдэ псалъэхэмкІэ зэІущІэр къызэуихащ Тыркум экономикэмкІэ и министр Зейбекчи Нихат, - Урысеймрэ Тыркумрэ мис апхуэдэ къэралхэщ. 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м (а махуэрщ сирие-тырку гъунапкъэм и дежь урысей Су-24-р къыщраудыхар - **Дж. А.**) и пэкІэ ди зэхущытыкІэхэр фІы дыдэу щытащ - зы илъэсым долларищ мелард 34-рэ и уасэ сату зэдэтщІырт. Мы зэманым а бжьыгэр зэрыхъужыр мелард 20-щ.

Ауэ дэ дыхуейщ зэфІэдгъуэжьым и мызакъуэу, а бжьыгэр доллар меларди 100-м нэдгъэсыну. Урысеймрэ Тыркумрэ я мурадщ зэгъусэу инвестицэ фонд къызэрагъэпэщыну. Апхуэдэу ди гугъэщ сомхэмрэ тырку лирахэмкІэ ахъшэхэр зэІэпытхыну.

А псалъэхэр щызэхахым пэшым щІэсхэр щэху хьуащ.

- Пэжщ, пэжщ, фэ ахъшэр фымыихъужу фи дежь хуэдэу сомхэмкІэ уасэхэр фтыну мыгувэу Іэмал вгъуэтынущ. Апхуэдэ дыдэущ Урысейм кІуэ тыркухэм я Іуэхур зэрыщытыну. Дэрэ урысей правительствомрэ абы щхьэтечу жэпуэгъуэм дытепсэлъыхьынущ.

Ауэ абдежи щиухакъым министрым удэзыхьэх и псалъэхэр.

- ЯгъэІэпхъуэ мыхъу мылъку Тыркум къыщызыщэхуэхэр пІалъэншэу Тыркум щыпсэуну хуит ящІынущ е абыхэм тырку гражданствэ иратынущ,- жиІащ Зейбекчи.

Шынагъуэншэ, хьэмэрэ?..

ЗэІущІэм щыпсэхъ щІэрыІуэ дыдэхэм ящыщщ щэнхабзэмрэ туризмэмкІэ министр, илъэс 62-рэ зи ныбжь Авджи Наби.

- Урысейхэм ди деж тыншу икІи шынагъуэншэу зыщагъэпсэхуу илъэс куэд екІуэкІащ, - жиІащ министрым. - Апхуэдэу дяпэкІи щытынущ.

- Ауэ итІани ди туристхэм я нэхъыбэр Тыркум къэкІуэн мэшынэ терракт куэд къызэрыщыхъуи икІи политикэ щытыкІэр зэрызэпІэзэрымытым къыхэкІыу, - падзыжащ журналистхэм.

- Дэ ди къэралым шынагъуэ щыІэжьым. Курорт-хэр, къащтэмэ, абы тІуащІэу щышынагъуэншэщ,- и фІэщ хъууэ жеІэ Авджи. - Ди деж иджыблагъэ къэкІуащ шынагъуэншагъэ ІуэхуэхэмкІэ Іэщ Іагъэлъхуэ хамэ унафэ гуэри щІэмыхъуэ цІыху 15. Абыхэм эропорт псори къапщытащ, Инспекторхэр яльэгъуамкІэ хуабжьу арэзы хъуащ. Абы къыхэкІыу сэ а Іэщ Іагъэлъхэм жаІахэр фи дежь нэзгъэсыж къудейуэ аращ.

- Дэ зыхуеину псори долажь, уеблэмэ, шынагъуэншагъэмкІэ ди къаурухэм дзыгуи блэмыцІэфтын хуэдэу, - щІегъуж Антальем и мэр Тюрель Мендерес. - Тыркум фІэкІуэдащ урысей туристхэм я процент 80-р. Ауэ сэ сощІэ ди ныбжьэгъужьыр дэ бий къызэрытхуэмыхьуфынур.

А псори хъарзынэщ, ауэ ипэжыпІэкІэ дауэ Іэуэ зэрыщытыр? А упщІэм и жэуапыр къэзгъэтын папщІэ сэ зэІущІэр имыуэжу сыкІуащ гъунэгъу дыдэу щыІэ Белек.

«Дэ хэщІыныгъэшхуэ дгъуэтащ»

Ялтэ гу зыльыстар Белек и кум цІыхуэхэр зэрыщымащІэрщ. Е урысейхэр щыкуэдкъым е градус 35-м нэс хуабэр зэран мэхъу. Ялтэу сызыІууа кафем сыщІохьэ, псы тпутлкІэ ящІэзатыну солъаІуэ.

- Уэ Урысейм укъикІа? - урысыбзэ ныкъуэкІэ къызоупщІ Іэнэзехьэр. - Ахъшэ сыхуейкъым! Мыр тыгъэщ, - псы къызет си лирэр (тумэнит) сихын имыдзу.

ЦІыпІэм щыпсэхуэр политикэм тепсэлъыхьыр яфІэфІкІым. Ауэ зыхьыбощІэ ахэр Анкара и правительствэм щыІэ-щыІэу зэрыхуущытыр.

- Дзэм Эрдоган тридзыну щыхуущІэкъуам щыгъуэ зыри уэрамым дыхьакъым абы къыщхьэщыжу. Зыгъэрхэм зыкъратІащ, ауэ ахэр закъуэтІакъуэщ, - жеІэ фэеплъ тыгъэ цІыкІухэр щащэ тыкуэнырэ зей Хьэлил. - АрщхьэкІэ урысей кхъухьлъатэр къраудыха икІи урысей туристхэр афІэкІа зэрыдмылъагъуэжьыр къэтщІа иужь къэхъуар нэгъуэщІщ. ЦІыхуэхэр губжьат. ПэкІухэр зэхьыхат, тырку правительствэм хуагъэувырт тхэщІакъэр къыдитыну.

- Сложь, апхуэдэу куэд ффІэкІуэдауэ ара?

- Ауэ сытми! Сэ ятэ щыкІэ дэсІыгъакъым ІэкІым хэтхэр. Си гугъэт урысейхэр къэмыкІуэми цІынтэ дымыкъуну: европейхэр щыкуэдщ, ахэр ахъшэ гуфІакІэхэщ. АрщхьэкІэ псори нэгъуэщІу къыщІэкІащ. ХэщІыныгъэхэм драгъэтІысэхащ. Къыдгурыіуащ ди хэхъуэхэм я нэхъыбэр урысейхэм къызэрытхуахыыр.

- Умыгузавэ, псори зэтоувэж. - жьзоІэ сэ хьэрычэтыщІэм.

- Альхъым жиІэ! Сэ хуабжьу сапоплъэ урысейхэм.

- Шынагъуэншагъэщ? Сэ мыбы полицейхэр щыслъагъуэхэрхьым.

- Зэрымыльагъум къикІыркъым ахэр щымыІэу. Ди деж Іуэхур мыпхуэзэдэу щыгъэуващ: дэтхэнэ пхъэнкІакІуэри, Іэнэзэехьэри полицейуэ къыщІэкІынкІэ хьунущ.

Ар тырку хабзэхъумэхэм зэпымыууэ къагъэсэбэп Іэмалщ. Ирагъэджа, Іуэхум хуагъэса цІыхуэхэ къалэ зэмылІэужьыгъуэхэм ягъакІуэ пхъэнкІакІуэ е затуущІ хуэдэу. ЦІыпІэм щыпсэуэхэм зыхагъэзагъэри, ахэр якІэлъоплъ террористхэм, властхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэхэмкІэ мыарэзыхьэм.

Курорт къалэ цІыкІум сыкъыдэкІыжьи и пэкІэ сэ сепсэлъащ хьэщІэщ цІыкІу зиІэм. ЦІыхухъм куэдрэ и фІэщ хъуакъым сэ Урысейм сыкъызэриклар, сызэрыжурналистыр.

- Дэ дыхуэхьэзырщ урысейхэр къэкІуэным, хуабжьу дахуэзэщащ. Фэри ди деж нэхърэ нэхъ тыншу зыщыкъгъэпсэхун вгъуэтынкъым. ЗыкІи фымышынэ. Дэ нэбгъуэ къудейкІэ къыкъэплъыр дгъэлэжьэнэкъым.

Сліожь, деплъынщ.

ДЖУМЭ Аббас.
«Комсомольская правда»

Сыт и ныбжьэгъужьыр щІибгынар?

● Индиэ

1991 гъэм иужькІэ, щхьэусыгъуэ мыгурыІуэгъуэхэм къыхэкІыу, дэрэ Индиемрэ ди зэпыщІэныгъэхэр жэщІащ: Китайр къыдихьэхыну хущІэкъуурэ, Урысейр мы къэралым пэщІэкІуэтащ.

...ДЕЛИ и къалэжь щыпІэм щыІэ Чанди Чоук бззэр абрагъуэм кьегъэщІылІа уэрамхэм цІыхухэр дзэу дэтщ. Автомобиль тІорысхэр зезыгъакІуэхэм сринэхэр ягъэву, авторикшэхэм (гу цІыкІу зыкІэрыщІа мотоциклхэм) «зебрэм» тегъуэлъхьа жэмхэм, апхуэдэу бжэнхэмрэ махъшэхэмрэ севлоформ пхырызыщ Іэхъуэхэм къыпакІухь. Тпэмыжьжьэу мэпэщащэ пылыр. НэгъуэщІ планетэ укъыщыхута фІэкІа пщІэнкъым. ГъуэгурыкІуэ гупышхуэм хамэ къэрал къикІа цІыху зэрыхалъагъуэу индус псори къоупщІ ар къыздикІамкІэ. «Россия». О! Хинди руси-бхай-бхай». Дэнэ уэ а псалъафэр щызэхэпхар?» «Урыс туристхэм драгъэсащ», - къызжаІэ. Индие тпэжьжьэр илъэс 30 и пэкІэ дэтхэнэ урысей унэми щыхьэу щытащ и киномкІэ, кьафэ дахэхэмкІэ, мэ гуэкІуэ къызыхих шеймкІэ. 1991 гъэ лъандэрэ ди къэралхэм сату щІагъэуэ эздащІэжьыркъым. Индием зы мелардрэ мелуан 350-рэ щыпсэу пэтми, и цІыху бжьыгэмкІэ ар мыгувэу Китайм япэ ищыжьнущ. «АиД»-м и обозревателыр егупсысащ: сыту пІэрэ мыхъур?

Іэщэм и закъуэщ

- 80 гъэхэм СССР-р Индием и сатущІэгъу нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщащ, - къызжиІащ политолог Сингх Чандрагупт. - Фэ фщэжрэт ди хьэпшыпхэм я Іыхьэ тхуанэр, Совет Союзым нэгъуэщІ къэралхэм иригъашэ псоми я проценти 8-р Дели къекІуэрт - гъавэр, пассажир кхъухьлъатэхэр, кхъухьхэр, мэкъумэшым зэрелажь Іэмэпсымэхэр. Иджы Урысейм ди продукцэу ищэхур хуэдэ 20-кІэ(!), Индием фи деж къришыу хуэди 10-кІэ нэхъ мащІэ хьуащ. Нэхъапэми хуэдэу, нэхъыбэу къэтщэхуу кьэнэжар Іэщэрщ - ПВО-м и Іэмэпсымэхэрщ, зэрызэуэ кхъухьлъатэхэрщ, танкэрщ, ракетэхэрщ. Урысейм дунейм Іэщэу щищэм и Іыхьэ щанэр Индием къыхуоз. ЕлпІыт, Дели дэт полицей дэтхэнэми пщІыхэдзар фи Калашниковым и автоматырщ. КІэщІу жыпІэмэ, дызыщыгуфІыкІынур мащІэщ. Урысейм индусхэр щыгъупщэжати, ди рынокыр Америкэм иубыдащ. Пэжыр жысІэнщи, фи хъэпшыпхэр нэхъыфІт.

Индием и экономикэм нэгъабэ Китайм ейм елъытауэ проценти 7,2-нэ нэхъ псынщІэу зиужьащ. Урысейм утемыпсэлъэхьыми хъунущ. Ауэ, итІани, къэралыр икъукІэ къулейсызу къонэж. Статистикэм къызэрытымкІэ, Индием и цІыху мелуан 400-м(!) электрокъаруи гази къагъэсэбэпыркъым - абыхэм я дежкІэ ахэр лъапІэІуэщ. Сэ сыщыІащ Дели пэмыжьжьэ апхуэдэ къуажэм щыпсэу унагъуэ гуэрым. Пщыхьэщхьэм пэшхэр фонар цІыкІухэмкІэ ягъэнэху, пщІантІэм щащІа мафІэмкІэ хьэбжьыныху ягъава. «Сэ зы мазэм доллар 70 къызолажь икІи схуэзфІэкІыркъым уэздыгъэ щІегъэшэныр гъэхьэку згъэувыныи, - мэтхъэусыхэ псэупІэр зей чристэн Мануэль из Гоа, - ахэр кІуэ пэтми нэхъ лъапІэ мэхъу». 2014 гъэм къыщыщІэдзауэ Индиер Урысейм мызэ-мытІуэ къелъэІуащ мы зэманым яукъуэдий «Сибыры и къару» бжьамийр езым и щІыналъэм иришэлІэну: урысей газ пудым а къэралым щриудыхынут апхуэдэ гъэсыныпхъэм и уасэр. АрщхьэкІэ «Газпром»-м щыжаІащ «ар щІэх зэфІэмыкІыну Іэхуу» - ди правительствэм къащыгурыІуэркъым Индиер зэрыкъэрал абрагъуэр икІи къаи уасэр кьехуэхмэ, игъуэт хэщІынигъэр абы зэрыІэрагъэхьэжьфынур. Абы къыхэкІыу Мануэль дяпэкІи куэдрэ хьэбжьыныху пхъэ мафІэкІэ игъэвэнущ.

Къэбгъэнар нэгъуэщІым къещтэ

- Телъыджащ! Дэ апхуэдизу дызэныбжьэгъуни, ІэплІэешэкІым дьхэкІыртэкъым, - егъэщІагъуэ 1977 - 1982 гъэхэм СССР-м щеджа журналист Чикандрэ Виджай. - Иджы урысхэр ди бззэрэм текІащ... Дыхьэшэнщ, ауэ сэ иджыблагъэ Москва сыщыІащи, бжеСІэнщ: фи тыкуэнхэм щащэ шей псори щызэкІуэцІашьхыр Лондонщ, ауэ ар Индием къыщащэхуу щытамэ, хуэдипщІкІэ нэхъ пудынут. Фэ фызэрыбзэхьу ди деж къыщыхутащ езым и хьымкІэ ди къэралыр лъэныкъуэ псомкІи зыубыда США-р. Америкэм мыбы щащэ сагъызэхэр, газ зыхэт псыхэр, гамбургерхэр. Абыхэм я пІэкІэ тІах ди еджагъэшхуэ акъылыфІэхэр. Технологие лъагэхэм щелэжь Калифорнием и Силиконм ауэдым щылажьэхэм я нэхъыбэр Индием и программистхэрщ, Урысейм щыІэщ абы ещхь «Сколково» проектыр. АрщхьэкІэ абы Индием щыщ Іэщ Іагъэлэпхэр ирагъэблагъэркъым, кІэпІейкІэ бжьыгэкІэ ягъэлэжьэфынэ пэтми. Хуабжьу си жагъуэ мэхъу. Фэ Белоруссием е Сирием хуэдэ къэрал цІыкІухэр зэрагъэныбжьэгъуну фыхущІокІыну, ауэ зи экономикэр дунейм щыещащэ икІи Іэмал телъыджэхэр зэдащыІэ къэралыр фльагъуркъым. ЗэрыжаІэщи, (хиІэтыкІыу урысыбзэкІэ къепсэлъ) «Товарищ, а слона-то я и не приметил»...

ЯтІэр иупцІу (иджыпсту Индием уэшхэр къыщежэх зэманщ) сэ зблож зи щІыбыр хуабжьу зэхэщІалыхьа хьэлъэзешэ - СССР-м ятпэу къыщыдагъэкІа КамАЗхэм» ящыщыр. Зэгуэр Совет Союзым апхуэдэ машинэхэр Индием щыхьэхуэу хуищІу щытати, иджыри къэс «Пылхэм я къэралым» мымащІэу щызэкІуэ. ЦІыхуэхэм къагурыІуэркъым урысхэм республикэр щІабгынам и щхьэусыгъуэр. «Фэ ахъшэ нэхъыбэ кьыщІэдгъэкІын мурадкІэ дэ фыкъэдгъэгурыІакъым Индием социализм щыдухуэну, - игу къеГъэкІыж илъэс 80 зи ныбжь лІыжьым. - Дэ дызэныбжьэгъуфІ къудейт. КъызжеІэт, Урысейм иджыри цеплъэрэ ди кином? Щеплъыркъым. Сэ си жагъуэ мэхъу ар».

Сэ къэзгурыІуэркъым дэ ди лъабжьэм щІэлъ мелардхэр къэтщтэн дыщІэщхьэхыр. Ди экономикэм и Іуэхухэр апхуэдизу фІы? Китайм гъэсыныпхъэ куэд етщэну дызэримурадыр хьарзынэщ, ауэ ахэр Индиеми етщэ щхьэ мыхъуурэ? АрдыдэмкІэ дэ гаэрэ щыдыгъакІэ зэуэ къызэдгъэпэщыфынущ.

«Бензиныр лъапІэ хъуащи, сэ лэжьапІэ соКІуэ пылкІэ», - жиІащ зыгуэрым. АтІэ апхуэдэу щытыну пІэрэ дапэкІи?

ЗОТОВ Георгий.
«Аргументы и факты»

● Хъэрып Эмиратхэр

Хъэрып Эмиратэ Зэгуэтхэм щауэхащ дунейм щынэхъ Іушэ дыдэ унэр. Къат 35-рэ и льагагъыу Абу-Даби дащІыхьа уардзунэр Гиннес и рекордхэм я тхьапшэ иратакІэщ. ХьэщІэщ лъапІэ дыдэу щытыну а унэм и лъабжьэм метр 30 и кууагъщ, градус 18-кІэ сэмэгумкІэ ещІауэ щытщ. УкуэнысыгъэщІэм и дежкІэ щынагъуэкъым жьыри нэгъуэщІ къэхъукъащІэхэри.

● Зэпеуэхэр

ЗыкъомкІэ нэхъ мащІэщ

Кавказ Ищхъэрэм и школищ къудейщ Урысейм щынэхъыфІу къальэта щитхум яхэхуар

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэр и щІэгъэкъуэну еджапІэхэм я рейтингыр зэхилъхьащ Зэпымыууэ математикэ щІэныгъэ егъэгъуэтыныжьмкІэ Москва центрым. НэхъыфІхэм ящыщ лъэуащ Ставропольем и еджапІитІ: крайм и центрым и гимназие №24-мрэ Пятигорск предмет щхьэхуэхэр кууэ щрагъэжьащ СОШ №95-мрэ. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыІэр Налшык и гимназие №14-р фІыхэм хабжащ. Рейтингым хэхуакъым Осетие Ищхъэрэм, Дагъыстэным, Ингушым, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым я школхэр.

ЖьитІэнщи, нэгъабэ апхуэдэ зэпеуэм КИФБЩІ-м зэуэ и школибгъу къыщыхэжаныкІауэ щытащ. Абыхэм яхэмытар Шэшэныр Ингушымрэ яйхэм я закъуэт. НэхъыфІхэм ящыщу къальэта Налшык и лицей №2-р, Черкесск и гимназие №17-р, Мэхъэчкъалэ и республикэ лицейхэр, инджылызыбзэр кууэ щрагъэжьащ Владикавказ щылажьэ СОШ №7-р.

ФІым я фІыжьэу къэралым къыщалъэта 25-м мы гъэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу зыри хэхуакъым - зэныкъуэкъур гуащІэІуэт.

ИВЕРШИНЬ Аннэ.
«Комсомольская правда»

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

«Джэгурыгу»

А фІэщыгъэм щІэту Налшык и Абхъаз утым ныбжьыщІэ цІыкІухэм я зэпеуэ щекІуэкІащ. КъафэкІэ, пасэрей сабийхэр зэрытрагъэууэ, зэрагъасэу щыта джэгуакІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІауэ щыта зэхьыхьэр и жэрдэмщ Ащхъэту Анзор зи унафэщІ «Нарт Хэку» щІалэгъуалэ хасэм.

Я ЗЭФІЭКІ ягъэлъэгъуэну джэгурыгум хэтащ Налшык и Іэдииху хьэблэм дэт курыт еджапІэ №26-м щеджэ ныбжьыщІэ 20. Ахэр гупитІу ягуэщІ, «Іэдиху», «Нартыгу» цІэхэр фІащыжьи, я зэфІэкІым и нэхъыфІыр утыку къащІащ. Апхуэдэуи джэгум хэтыну ещІ я фІэфІныгъэкІэ къахуеблэгъат къэфакІуэ Іэзэхэу Бжьыхьэлі Замиррэ Унэжокъуэ Тимуррэ я гъэсэн цІыкІухэр.

Уэрдыхъугъажэ, кІэн джэгу, кІапсэзэпекъу, нэгъуэщІ пасэрей джэгукІэ куэдми зэрыхуэІэрыхуэр гупитІми нАуэ къащІащ. Езы цІыкІухэри балигъэхри яфІэгъэщІагъэуну я Іуэхум хэтащ. НыбжьыщІэхэр компьютерым, телевизорым, телефоным къызэрыпэрощащ и мызакъуэу, лъэпкъым и щІэблэр зэрыгъасэу щыта джэгуКІэжьхэм драгъэхьэхащ. Ар лъэбакъуэ дахэщ, щІэблэм егупсысам, лъэпкъым и къэкІуэнур къызыфІэІуэхум дежкІэ.

Зэпеуэм и хабзэм тету къэпщытакІуэхэм «Іэдиихуу» гупым пашэныгъэр хуагъэфэщащ, «Нартыгухэм» гуэзрыдзэ ямыщІу я зэфІэкІым хагъэхъуэну къагъэгугъащ.

КъызэгъэпэщакІуэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэр сабийхэр зэрыджэгуращ, зэрыгушхуарщ. ЯхуэзэфІэкІмэ, дапэкІи а Іуэхум къыпащэну зэрамурадым дыщагъэгъуэзащ. Ахэр щызыхуэмыарэзыж къыхэкІами, джэгуригъу къызэрехъулІар шэч къызытумыхьэнщ. Апхуэдэ ІъэбакъуэкІэ утыку кьихьа «Нарт Хэку» хасэм нэхъыбэж илэжьыфыну дохъуэхъу. Дауи, нэхъыхьыфІ и чэнджэщ хэмылъу Іуэхур зэфІэкІакъым. Зэхьыхьэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща хъунымкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъущ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьамадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ-цІэ Мухьэмэд**, КъБР-м и цІыхубэ артист, балетмейстер **Думэныщ Іэулэдин**, «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей **ІутІыж Мажид**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапхъэм ядапэжьэныжьмрэ пІэлъкъ ІуэхуэмкІэ и управленэм и унафэщІ **КІуэрашын Анзор** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ХъыбарегъащІэ

Молэ Артур фрегъэблагъэ

Уэрэджьыакіуэ цІэрыІуэ, дунейпсо фестивалхэм я лауреат Молэ Артур Налшык къалэм Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм жэпуэгъуэм и 26-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щитынущ «Сыщалъхуа си Хэку» и щыхьэзакъуэ концертыр. Абы хэтынущ Ташло Алий, Хьэхъуэл Оксанэ, Зеущэ Іэуес, Алиевэ Айнэ, ЩоджэнцІыкІу Аслъэн, Насыл Дианэ, Шем Елдар, Бей Аслъэн, «Джэгуакіуэ» цІыхубэ ансамблыр, «Кавказым и щІалэгъуэ» гупыр. УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: **47-41-42**; **44-22-10**.

● Гу зылъытапхъэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щыпэжьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхэр тхьамахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Ятэ дерсыр щІэнпэу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур жэпуэгъуэм и 15-рщ.

● Дагъыстэн

Апхуэдэу фыз къашэркъым

Иджы псэлъыхъур лъэхъуэщым къихутэнкІэ хъунущ

Дагъыстэным уголовнэ Іуэху къыщыІэтащ Іэщэ къыгъэсэбэпу цІыху кІыдыгъуэуэ щэч зыхуащІ цІыхухъм хуэгъэзауэ. СКР-м республикэм щиІэ къудамэм зэрыщыжаІамкІэ, Іуэхур зэхэзыгъэкІхэм кхахутащ Пётр Езанэм и цІэкІэ Мэхъэчкъалэ щыІэ проспектым илъэс 22-рэ зи ныбжь щІалэм фэбжь зэрытрадзэ кІэрахьуэкІэ ирагъэщынэу и автомашинэм илъэс 22-м ит хъыджэбзыр зэрыригъэтІысхьар.

Хъыджэбзым имыдзэми, абы ар Дербент лъэныкъуэмкІэ иришэжьащ, арщхьэкІэ «Джемиентский» къэпщытакІуэблэгъэкІыпІэ плъыры-пІэм и деж дыгъуакІуэр къыщагъэзыВІащ. ЯбыДдам зиумысыжащ щхьэгъуэзу къишэн мурадкІэ бэлъыхъугъэр зэрыришэжьамкІэ.

Иджы йогупсыс щІалэм ирагъэхьыну тезырыр зыхуэдэм.

БЕЛЯЕВЭ Алёнэ.
«Комсомольская правда»

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.414
Заказ №1587